



Sistèm Sante WellStar
**Aplikasyon pou Pwogram Asistans Finansye
 nan Lopital**

Dat Revizyon 21/6/2016

LD-24-01-JA4I Haitian Creole Rev 6/16

P.O Box 670747
 Marietta, Georgia 30066
 Telefòn: 770-792-1791

ENFÒMASYON PASYAN Ameriken Rezidan Wi Non

Nimewo Kont: _____ Sosyal: _____
 Non: _____ SS#: _____ Dat Nesans: _____

ENFÒMASYON SOU GARAN AN avèk MARI/MADANM Marye Divòse Separe Vèv/vèf

Non: _____ SS# _____ Sa li ye pou Pasyan an: _____
 Dat Nesans: ____ / ____ / ____ Adrès Kay: _____
 # Telefòn: (____) _____ Lòt Telefòn: (____) _____
 Anplwayè: _____ Adrès: _____
 # Travay: _____ Pozisyon: _____ Salè pa ane oswa pa è: _____ Travay Fouttaym oswa Pataym (antoure youn)
 Non mari/madanm: _____ SS# _____ Dat Nesans: ____ / ____ / ____
 Anplwayè: _____ Adrès: _____
 # Travay: _____ Pozisyon: _____ Salè pa ane oswa pa è: _____ Travay Fouttaym oswa Pataym (ansèkle youn)

Depandan Legal (Bay sèlman lis depandan ou ka reklame lè w ap fè taks ou)

Non (Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi)	Dat Nesans (mm/jj/aa)	Relasyon
	/ /	
	/ /	
	/ /	
	/ /	
	/ /	
	/ /	

Eske ou aplike pou Medicaid?
 Wi Non

Eske ou kalifye pou Cobra?
 Wi Non

Byen ak Lòt Sous Lajan

Montan sou Kont Kouran \$ _____ Non Bank la: _____ Montan sout Kont Depay \$ _____ Non Bank la: _____
 Pansyon Chak Mwa \$ _____ Sekirite Sosyal: \$ _____ Aranjman Retrèt Endividyèl (IRA) \$ _____ CD \$ _____ Lajan pou Okipe Timoun \$ _____
 Eske ou resevwa Ranbousman Prè Etidyan? Wi ou Non (Antoure youn) Ranbousman Prè Etidyan \$ _____
 Pansyon Alimantè \$ _____ Mèt Tè: Wi ou Non (Antoure youn) Valè \$ _____ Okenn lòt byen, tankou aksyon, bon, 401K \$ _____
 Eske ou posede kay ki gen lokatè? Wi ou Non (Antoure youn) Si wi, ki kantite lajan pa mwa: \$ _____ Ki valè pwopriyete a? \$ _____
 Eske ou te deklare fayit nan 3 zan ki sòt pase yo? Wi ou Non (Antoure youn) Si wi, bay dat la sivouplè: ____ / ____ / ____
 Eske ou posede aksyon oswa bon? Wi ou Non (Antoure youn) Si wi, pou ki valè? \$ _____

Sistèm Sante WellStar pran angajman pou li ofri asistans finansyè bay pasyan ki chèche jwenn swen medikal nesèsè nan Lopital WellStar, men ki pa gen gwo mwayen oswa ki pa gen mwayen ditou pou peye pou swen sa yo. WellStar va pote swen medikal dijans bay tout moun, menm si yo pa ka peye e menm si yo pa elijib pou Pwogram Asistans Finansyè li an.

Pou yon moun kalifye pou asistans finansyè nan yon lopital WellStar, moun sa a dwe kowopere ak WellStar pou idantifye epi detèmine lòt sous peman oswa kouvèti grasa pwogram piblik oswa prive. Men sa ki nesèsè pou yon moun kalifye pou asistans finansyè:

Enfòmasyon sou Aplikasyon an:

- Voye yon aplikasyon pou asistans finansyè ki bay enfòmasyon ki vre ak kòrèk, ki siyen, epi ki konplè; epi**
- Tout moun k ap aplike pou Asistans Finansyè dwe bay prèv Lajan Fanmi yo fè avèk prèv Byen Fanmi an genyen; yo dwe bay youn nan sa yo, oswa tout sa yo, selon ka a:**

Bay youn nan sa yo, oswa tout sa yo, si sa pa posib pou prezante yon kopi papye taks federal ki pi resan an:

- Bay twa (3) mwa souch chèk travay ki pi resan, oswa yon deklarasyon anplwayè a siyen pou verifye salè brit moun nan; oswa
- W-2 IRS bay ane ki pase a; oswa
- Fòm 1040 IRS ki pi resan; oswa
- De (2) mwa deklarasyon bankè ki pi resan pou tout kont kouran, kont depay, mache monetè oswa lòt kont bankè oswa investisman; oswa
- Deklarasyon alekri pou de (2) mwa ki pi resan pou tout lòt revni (paregzanp konpansasyon chomaj, andikap, retrèt, frè etidyan, lèt alokasyon Biwo Sosyal Sekirite, rapò Pèt ak Pwofi pou tout aplikan k ap travay ak tèt yo, dokiman pansyon alimentantè, dokiman konsènan lajan pou okipe timoun, ets.); oswa
- Lèt refi pou konpansasyon chomaj; oswa
- Dokimantasyon sou valè byen, pa egzanp deklarasyon enpo lokatif, Sètifika Depo, 401K, 403b, Aranjman Retrèt Endividyèl (IRA), ak lòt deklarasyon investisman; oswa
- Deklarasyon kontribisyon nan men moun ki bay pasyan an lajan oswa ede li lòt jan

Yo dwe resevwa enfòmasyon sa yo pou pran ka aplikasyon ou an. Si ou pa voye enfòmasyon sa yo nan yon delè 240 jou, apati dat ou resevwa premye bòdwo apre egzayat, WellStar gen dwa pa pran aplikasyon ou ranpli pou Pwogram Asistans Finansyè a. Ou te mèt kontakte WellStar si ou gen keksyon oswa si ou bezwen yo ede w avèk aplikasyon sa a:

SBO FAP Department, 805 Sandy Plains Road, Marietta, GA 30067 oswa nimewo telefòn nou: 678-838-5750.

Kòmantè:

Avèk papye sa a, mwen mande pou WellStar gade pou wè si mwen kalifye pou pwogram Asistans Finansyè li an. Mwen konprann yo va verifye tout enfòmasyon mwen bay konsènan salè anyèl mwen ak kantite moun ki nan fanmi mwen. Mwen konprann tou si yo wè enfòmasyon mwen bay la pa vre, sa va lakòz yo rejte elijibilite mwen pou Asistans Finansyè. Mwen dakò tou pou mwen aplike pou nenpòt ki asistans (tankou Medicaid, Medicare, State Aid (pou kansè), Reyabilitasyon Vokasyonèl, Asirans, ets.) ki gen dwa disponib pou peye lajan mwen dwe WellStar. M ap kowopere kòm sadwa pou mwen fè sa ki nesèsè pou mwen jwenn asistans, epi m ap bay WellStar lajan mwen jwenn pou peye frè WellStar. Mwen dakò pou mwen peye nenpòt ki balans apre yo ajiste montan mwen dwe a, grasa Pwogram Asistans Finansyè a. Si se pa sa, yo gen dwa anile diskont Pwogram Asistans Finansyè a. Se yon sèl aplikasyon pou Pwogram Asistans Finansyè yon moun gen dwa siyen.

Mwen deklare enfòmasyon ki anlè a vre epi kòrèk, selon sa mwen konnen.

Siyati Garan an: _____

Dat: _____
